# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–20 अप्रैल 2026** **भोजपुरी समाचार**

चुनाव से पहिले राजनीतिक दलन की ओरि से मुफ्त योजनन के घोसणा पर रोकि लगवले क मांग वाली एगो जनहित याचिका पर सर्वोच्च न्यायालय केन्द्र सरकार, निर्वाचन आयोग आ भारत क नियंत्रक अउरी महालेखा परीक्षक के नोटिस जारी कइले हौ।

मुख्य न्यायाधीश, न्यायमूर्ति सूर्यकांत आ न्यायमूर्ति जॉयमाल्य बागची क पीठि कहलस कि येह याचिका क येही तरह के मुद्दन से जुड़ल अउरियो याचिकन के साथे सुनवाई बदे रक्खल जाई। याचिका में कहल गइल हौ कि सरकार येह योजनन बदे लगतारे करजा ले रहलि हौ। एहसे आवे वाला पीढ़ियन पर वित्तीय बोझ पड़ि रहल बा।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ प्रदेसवासियन के नांव 'योगी की पाती' जारी कइ के मौसम में भइल बदलाव के परभावन के प्रति लोगिन के सतर्क कइले हवें। एगो रिपोर्ट–

**एक सोशल मीडिया पोस्ट के जरिये 'योगी की पाती' जारी करते हुए मुख्यमंत्री ने कहा कि बढ़ता तापमान इसके दुष्प्रभावों से बचने तथा अपनी तैयारियां पूरी करने का संदेश दे रहा है। उन्होंने बताया कि सरकार ने कड़कड़ाती ठंड की तरह प्रचंड गर्मी की मार से बचाने की भी तैयारी कर ली है। इसके लिए शासन के हर स्तर पर समन्वित और समयबद्ध कार्यवाही सुनिश्चित की गई है। पत्र के माध्यम से मुख्यमंत्री ने लोगों से अपील की है कि लोग अपने घर के बाहर पशु–पक्षियों के लिए पानी रखें। बच्चों एवं बुजुर्गों का विशेष ध्यान रखें। सूती या खादी के ढीले वस्त्र पहनें। साथ ही ऐसी कोई भी लापरवाही न करें, जिससे आग लगने का अंदेशा हो। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।**

**********

प्रदेस सरकार आजु गोहूं खरीदि के मामिला में एगो महत्वपूर्ण फैसिला लिहले हौ। एकरे तहत अब किसान बिना फार्मर रजिस्ट्रियो के आपन गोहूं सरकारी खरीदि केन्द्रन पर बेचि सकिहें। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ सज्जो जिलाधिकारियन के येह फैसिला क जुरते परभाव से लागू कइले क निरदेस दिहले हवें। येह फैसिला के बाद किसान पहिले के तरियन असानी से आपन उपज बेचि सकिहें।

**********

गोरखपुर के राप्ती नदी के एकला बंधा पर करीब इकतालीस करोड़ पचास लाख क लागत से बनल ईको पार्क आ फोरलेन सड़कि क लोकारपण आवे वाला तेइस अपरैल के मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ करिहें। हमरे गोरखपुर प्रतिनिधि बतवलें कि ई ईको पार्क एकला बंधा पर कूड़ा क निस्तारण कइ के बनावल गइल हौ। ओहीं, फोरलेन सड़कि ईको पार्क के सामने बनावल गइल बा।

**********

संसदीय कार्य मंत्री किरेन रिजिजू आजु कहलें कि महिला आरक्षण विधेयक के बाधित कइले क नतीजा बिपक्ष के भुगते के होई। नई दिल्ली में संवाददाता लोगिन से बतियावत उहां के एक सौ एकतीसवां संविधान संसोधन विधेयक–दुइ हजार छब्बीस के लोकसभा में मंजूरी नाहीं मिलले के बाद कांग्रेस आ एकरे सहजोगियन क कड़ेर आलोचना कइलीं।

***महिलाओं के सामने हम लोग ये बता रहे है अभी कि आगे मोदी जी के नेतृत्व में महिलाओं के लिए हमारा सरकार एनडीए काम करते रहेंगे, लेकिन जिन्होंने महिला आरक्षण बिल को गिराया उनको भी सजा मिलना चाहिए, तो ये काला दाग कांग्रेस के ऊपर लगा है, जीवन भर साफ होने वाला नहीं है।***

प्रदेस क उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य आजु लखनऊ में कहलें कि बिपक्ष क मानसिकता हमेसा महिला बिरोधी रहल हौ। उहां के बतवलीं कि नारी शक्ति वंदन अभियान के तहत बिहने प्रदेस भर में जन आक्रोश रैली क आयोजन कइल जाई।

**********

केन्द्र सरकार एलपीजी प्रबंधन के परभावी बनावे बदे कई गो खास कदम उठवले हौ। पेट्रोलियम आ प्राकृतिक गैस मंत्रालय क संयुक्त सचिव सुजाता शर्मा आजु नई दिल्ली में बतवलिनि कि घरेलू एलपीजी के उत्पादन में बढ़ोत्तरी कइल गइल हौ। उहां के कहलीं कि सहरी आ ग्रामीण इलाकन में बुकिंगों क समय बढ़ावल गइल बा।

***डोमेस्टिक एलपीजी की सप्लाई सामान्य रूप से चल रही है। कोई भी ड्राई आउट रिपोर्टेड नहीं है। कमर्शियल सप्लाई 70 परसेंट तक रीस्टोर की जा चुकी है। ऑटो एलपीजी एक हफ्ते में लगभग साढे तीन सौ टन पर डे का सेल है। इसके अलावा पांच किलो के सिलेण्डर्स की सेल भी इन्क्रीज की जा चुकी है।***

**********

प्रतापगढ़ जिला के कंधई थान्हा क्षेत्र के शाल्हीपुर कंजास गांव में आजु दुपहरिया तीनि गो लइकन क पोखरा में डूबि गइले से मउति हो गइल। ई हादसा ओह समय भइल जब अपने बड़हन बहिनि के साथे दुइ गो भाई नहाये बदे पोखरा में गइल रहलें। तिन्नो क लासि बहरे निकारि लिहल गइल।

**********

पत्र सूचना कार्यालय क तथ्य जांच इकाई, केंद्र सरकार की ओरि से विद्यार्थियन के मुफ्त लैपटॉप दिहले के दावा से जुड़ल लिंक के प्रसारित करे वाला सनेसा के फरजी बतवले हौ।

**********

मौसम विभाग पूरबी उत्तर प्रदेस में बाइस अपरैल ले दिन के समय कहीं–कहीं लुह चलले क येलो अलर्ट जारी कइले हौ। विभाग के मोताबिक अगिला सात दिन में तापमान में कउनों बड़हन बदलाव क सम्भावना नाहीं बा। येह दौरान मौसम के सुस्क बनल रहले क पूर्वानुमानों जतावल गइल हौ।

**********